

## MEN KI JAN POU PASYAN KOLEKTE "SPUTUM" OU BYEN "FLEM"

### ETAP 1

Aswe, avan w al domi, bwe your bon ve dlo.



### ETAP 2

Le w leve nan maten, pa manje, pa bwe, pa fimen e pa bwose dan w avan w kolekte flem nan.



### ETAP 3

Souke dlo nan bouch ou epi jete li.



### ETAP 4

Soti deyo ou byen ale pi pre youn fenet ki louvri kote pa gen peson n moun ki pre w espesyalman ti moun.



### ETAP 5

Ouvri ti flakon maron an. Le w fini, ouvri sa ki an metal la pou w ka jwenn sa ki an plastik la.



### ETAP 6

Ouvri ti flakon plastik ki gen bouchon ble a. Kenbe bouchon ble a tou pre w.



### ETAP 7

Fe plizye kout respire byen fon jis nan pwartrinn ou jiskaske w santi gen flem nan lestomak ou.



### ETAP 8

Touse pou flem nan soti nan lestomak ou pou l vin n nan bouch ou.



### ETAP 9

Kenbe flakon plastik la devan bouch ou. Krache flem nan ak prekosyon nan ti flakon plastik la.



### ETAP 10

Si flem ou jwenn nan pa ka plen youn ti kwiye te, repete menm sa w te fe nan nimo 7, 8, e 9 pou w jwenn plis.



### ETAP 11

Femen ti flakon plastik la byen sere ak bouchon ble a.



### ETAP 12

Mete ti flakon plastik la nan flakon metal la. Femen flakon metal la ak bouchon pa l.



### ETAP 13

Mete flakon metal la andedan flakon maron an. Femen flakon maron an byen sere ak pwop bouchon n.



### ETAP 14

Mete flakon maron an nan frijide.

